NATIONAL IMMIGRATION LAW CENTER

Konnen Dwa W: Ansent, apre Akouchman, ak Fanm k ap bay tete ki fè fas ak aplikasyon règleman imigrasyon yo

Avètisman: Resous sa a bay enfòmasyon jeneral pou moun ansent, moun ki fèk akouche ak moun ki ap bay tete k ap fè fas ak detansyon ak aplikasyon lalwa sou imigrasyon. Sa a se pa konsèy jiridik ki espesifik pou sitiyasyon w lan. Nou rekòmande pou manm kominote a pran prekosyon epi pale ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans konsènan sitiyasyon pèsonèl yo.

Kisa Lalwa Di?
Lwa imigrasyon Etazini pèmèt otorite imigrasyon yo kenbe moun ki ansent, moun ki fèk akouche, ak moun k ap bay tete.[1] Men, moun ki nan detansyon sèvis Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) yo gen dwa toujou. ICE pa toujou respekte dwa sa yo, men nou tout dwe kontinye egzije pou yo respekte yo, nan enterè sekirite ak diyite manm kominote a, pitit yo, ak fanmi yo.

Enfòmasyon yo bay anba a konsène detansyon ICE. Si yo kenbe w nan yon etablisman Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè(Customs and Border Protection) (CBP), gen règ ak politik diferan, paske etablisman sa yo fèt pou sejou kout (mwens pase 72 èdtan). Amwenske CBP lage w nan kominote a, CBP pral transfere pifò moun ki ansent, ki fèk akouche, oswa k ap bay tete soti nan sant detansyon CBP pou ale nan sant detansyon ICE.

ICE gen otorite pou l lage yon moun ki nan detansyon si moun nan ansent, si l fèk akouche, oswa si l ap bay tete. Pa egzanp, si yon moun "ansent epi li gen prèv medikal," Règleman federal yo di ICE ka lage yo pou "rezon imanitè ijan" oswa pou yon "enterè piblik enpòtan." Sepandan, ou dwe pwouve ou pa reprezante yon danje pou kominote a, oswa ou ap prezante w nan randevou oswa odyans imigrasyon ki prevwa alavni yo.

Ki Dwa Mwen Genyen antanke yon Moun ki ansent, ki Fèk Akouche, oswa k ap Bay Tete?
Pou kòmanse, gen kèk definisyon pou kenbe nan tèt ou:

[1] *Resous sa a itilize tèm "moun ansent" la pi souvan pase "fanm ansent." Sa a se paske li enpòtan pou rekonèt pèsonalite moun ki ansent yo. Sa fèt tou pou rekonèt se pa tout moun ki vin ansent ki idantifye tèt yo kòm fanm. Lè nou konsidere tout konpleksite sa yo, nou itilize tèm « moun ki ansent » ak « fanm ki ansent » selon kontèks la ak jan sa apwopriye.*

- Ansent — sa vle di yon tès medikal konfime ou ansent.
- Apre akouchman – sa vle di sa fè mwens pase yon ane depi ou te fè yon pitit.
- Bay tete – sa vle di nenpòt lè w ap bay pitit ou lèt ki soti nan pwòp tete w, kèlkeswa kantite tan ki pase depi li te fèt. Pafwa, yo rele sa tou "pwodui lèt" oswa "laktasyon".

Detansyon/Liberasyon

- ICE genyen yon politik espesyal ki di ofisye yo ki lè yo ka kenbe yon moun ansent, ki fèk akouche, oswa k ap bay tete. Li endike, an jeneral, yo pa dwe kenbe moun nan, sof si gen "sikonstans eksepsyonèl," oswa si lalwa egzije pou yo arete l epi kenbe l. Yo konn rele sa dèfwa "detansyon obligatwa."
  - Sikonstans eksepsyonèl vle di gen yon bagay nan pase w ki fè w tounen yon menas pou peyi a ("menas pou sekirite nasyonal") oswa ki di ou ka fè yon lòt moun gwo mal.
- Menm si ICE ta kenbe w, règleman yo di tou yo dwe egzamine omwen yon fwa pa semèn si wi ou non ou ta dwe *kontinye rete nan detansyon* epi yo dwe kenbe tras chak moun ki ansent, ki fèk akouche, oswa k ap bay tete nan etablisman yo.
- Ou ka mande ofisye imigrasyon w lan pou l lage w. Avèk pèmisyon w, zanmi w ak fanmi w ka voye lèt sipò tou bay ajan k ap jere dosye w la. Demann sa a rele yon aplikasyon pou libète anba kondisyon, epi ou kapab jwenn yon egzanp la a. ICE ap rejte demann libète sou kondisyon sa yo. Sa fòse pou anpil moun vin depoze yon bagay yo rele habeas petition (yon demann pou habeas corpus) pou yo ka soti nan detansyon. La a gen plis enfòmasyon sou habeas.

Swen Medikal ak Akouchman nan Sant Detansyon ICE

- ICE sipoze ofri tout moun yon evalyasyon sante inisyal nan yon delè 12 èdtan apre yo fin rive nan yon sant detansyon ICE. Sa gen ladan l yon tès gwosès si ou se yon fanm ki gen ant 18 ak 56 an. Nan yon delè 14 jou apre yo fin rive nan yon sant detansyon ICE, pèsonèl medikal la ta dwe fè yon evalyasyon sante ki pi apwofondi. Ou ka mande pou yo fè yon dezyèm tès gwosès pita pandan w ap an detansyon, si w gen rezon pou w sispèk ou ansent.
- ICE sipoze kenbe w tou nan yon etablisman ki kapab reponn ak bezwen medikal ou yo. Gen kèk sant detansyon ICE ki gen pi bon enstalasyon swen medikal, oswa ki pi pre lopital pase lòt yo.

- Ou gen dwa pou w resevwa swen medikal ki reponn ak bezwen espesifik gwosès ou a. Pa egzanp, yon rejim alimantè espesyal ak vitamin pou fanm ansent, dòmi sou kabann anba, plis zòrye, ak randevou pou wè doktè espesyalis. Menm bagay la tou pou swivi apre akouchman, akomodasyon pou bay tete, ak swen pou avòtman.
- Si w pa resevwa swen ou bezwen yo, ou ta dwe itilize sistèm mesaj etablisman an pou voye mesaj bay ajan ICE ou a. Etablisman an ta dwe ba ou yon manyèl nan lang ou, ki esplike kijan pou mande swen medikal ak kijan pou voye mesaj bay ajan ICE ou a. Sa a se yon egzanp Manyèl Nasyonal pou Moun ki nan Detansyon men gen kèk etablisman k ap ba ou yon dokiman apa ki gen plis règ nan sa ki konsène etablisman sa a.
- Pa gen okenn enfòmasyon piblik sou sa ki dwe fèt si yon moun kòmanse akouche pandan li nan detansyon ICE. Nan Biwo Prizon yo (BOP, "Bureau of Prisons" an anglè), sistèm penal gouvènman an, gouvènman an sipoze asire l ou akouche nan yon lopital. Malgre pa gen okenn règleman espesifik nan ICE konsènan akouche nan yon lopital, sant detansyon ICE yo oblije mennen w nan yon lopital nan kominote a, si sa nesesè pou rezon medikal. Kòm pa gen okenn sant detansyon ki ekipe pou pran swen yon moun k ap akouche, ICE ta dwe mennen w lopital.
- Ajan ICE yo genyen kòm devwa pou pran w an chaj si w genyen yon ijans medikal pandan y ap arete w la, pandan y ap transpòte w, oswa pandan w nan detansyon. Nan sant detansyon ICE yo, gad yo p ap ajan ICE. Men, dapre kontra travay yo, yo gen obligasyon pa yo pou yo reyaji lè yon moun ap senyen, lè yon moun montre siy akouchman, elatriye.
- Avètisman ki sansib: agresyon seksyèl.
    - Sant detansyon ICE yo sipoze swiv yon lwa yo rele Lwa sou Eliminasyon Vyòl nan Prizon (Prison Rape Elimination ACT, PREA). Si ou menm oswa yon moun pwòch ou se viktim abi seksyèl pandan w nan detansyon, ou gen dwa rapòte agresyon an epi jwenn èd. Ou ka rele Liy Dirèk Nasyonal pou Detansyon Imigrasyon Libète pou Imigran yo pandan w anndan etablisman ICE la (rele 9233#) Ou ka rele Liy Enfòmasyon ak Rapò sou Detansyon ICE tou (rele 9116#). Lalwa di ICE pa ka pini w paske w rapòte abi seksyèl.

Bay tete/Laktasyon

- Estanda detansyon ICE la di moun k ap bay tete ta dwe resevwa “amenajman apwopriye.” Men, pa gen okenn eksplikasyon sou sa sa vle di. Ou menm oswa avoka w ta dwe kontinye ensiste pou etablisman ICE yo oswa prizon kote w ye a ofri w, oswa pèmèt yon moun pote ba ou:

    - Yon ponp tete manyèl oswa elektrik, ansanm ak yon espas prive pou itilize l.
    - Yon frizè pou mete lèt ou a pou yon ti tan ansanm ak yon valiz pou mete yo apa (oswa pou pèmèt zanmi w ak/oswa fanmi w pote valiz epi vin pran yo lè yo plen).
- Anjeneral, sa etablisman ICE yo konn ofri moun k ap bay tete yo, se medikaman pou soulaje doulè yo genyen poutèt yo pa kapab bay pitit yo manje. Gen moun ki rapòte tou pou di gen anplwaye etablisman an ki te ofri yo medikaman pou seche lèt tete yo. Si w vin pran enfeksyon paske ou pa t kapab bay pitit ou a tete oswa tire lèt avèk yon ponp, ou gen dwa egzije pou pèsonèl medikal etablisman an konsilte w.
- Prizon ICE yo sipoze swiv rekòmandasyon yon komisyon nasyonal pou prizon yo bay tou. Rekòmandasyon sa yo di moun yo ta dwe kapab bay tibebe yo tete nan lopital la, epi yo **pa ta dwe** separe youn ak lòt anvan yo kite lopital la.

Mwayen Kontwòl ak Transpò

- ICE pa sipoze mete chenn nan ponyèt oswa cheviy yon moun ansent sof si genyen kek sikonstans "ki fè eksepsyon", sa vle di fòk gen yon rezon ki pa òdinè ki fè li nesesè espesifikman pou mete chenn sou ou. Ou ka egzije pou ICE pa sèvi ak chenn nan ponyèt oswa nan cheviy, epi pou yo respekte pwòp règleman pa yo ansanm ak lalwa. Ou ka mande anplwaye lopital la pou yo ede w fè demann sa yo tou.
- ICE ***p ap janm gen dwa*** pou l minote w pandan akouchman an. Apre ou fin akouche epi ou nan rekiperasyon, yo pa dwe mete minòt sou ou, sof si gen rezon ekstraòdinè ki di itilize minòt se yon bagay ki "nesesè pou tout bon."
- ICE oblije fè pèsonèl medikal revize epi apwouve nenpòt vwayaj nan avyon lè yo fin konfime ou ansent. Li pa rekòmande pou vwayaje apre 36 semèn gwosès.

Preparasyon pou yon Randevou Prezantasyon devan ICE
Piske yo te arete plizyè moun ki ansent, ki fèk akouche, oswa k ap bay tete lè yo t al nan yon randevou nan ICE, oubyen yo te lage yo apre yo te fin nan detansyon epi yo te di yo pou yo al prezante tèt yo devan ICE, nan seksyon sa a, n ap bay kèk sijesyon pratik sou fason pou prepare pou randevou sa yo.

Ki Objektif yon Randevou Prezantasyon devan ICE?
ICE itilize randevou a pou plizyè rezon diferan. Men rezon prensipal yo:

- Pou asire yo ou bay yon adrès ki ajou, epi pou yo konnen ou p ap travay san pèmisyon.
- Mete yon moun nan yon pwogram siveyans, sa ICE rele "pwogram altènatif a detansyon." Anjeneral, sa vle di ICE mete yon braslè elektwonik nan cheviy ou oswa yon mont entèlijan nan men w. Kounye a, gen yon politik ICE ki mande ajan yo pou yo mete mont elektwonik (yo rele "VeriWatch") sou moun ki ansent, olye pou yo mete yon braslè elektwonik nan cheviy yo. Yon gwoup avoka ap goumen ak politik sa a. Ou ka mande ajan ICE ou a oswa moun ki responsab dosye w la pou yo retire mont lan nan ponyèt ou. Li pi bon pou w fè demann sa a alekri. Nou bay yon egzanp senp la a.
    - **Nòt pou doktè yo:** Moun yo fòse mete VeriWatch la resevwa yon "akò pou moun k ap patisipe" ki di yo pa gen dwa retire aparèy la ni chanje anyen ladan l, *sof si sa nesesè nan yon ijans oswa si yo te jwenn otorizasyon anvan sa.* Nan yon ijans medikal kote aparèy la ap anpeche bay swen, pwofesyonèl swen sante yo dwe kapab sèvi ak eksepsyon sa a pou retire aparèy la. Sitou si w eseye pale ak ICE anvan w retire aparèy la poukont ou. Akò patisipan an ta dwe gen yon nimewo telefòn ou ka rele pou pale ak yon ajan ICE oswa yon moun k ap jere dosye.
- Pou asire yo w ap fè demach pou w jwenn yon paspò oswa dokiman pou vwayaje, oswa pou w ba yo paspò w la oubyen dokiman vwayaj ou a. Sa fèt konsa pou si ou resevwa yon lòd depòtasyon, yo ka depòte ou rapid.
- Depòte yon moun ki gen yon lòd depòtasyon kont li.

Yon randevou ICE diferan de yon randevou avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) pou pran anprent oswa pou yon entèvyou. Li diferan tou de yon odyans devan Tribinal Imigrasyon an ak yon Jij Imigrasyon.

Kisa ki Ka Rive nan yon Randevou ICE?
An jeneral, youn oubyen de (2) bagay ka rive. ICE ap kite w ale apre randevou a avèk yon nouvo dat pou w tounen, oubyen ICE pap kite w soti nan biwo a. Si ICE pa kite w soti nan biwo a, se paske yo deside kenbe w.

Si ou deja gen yon lòd depòtasyon, ka gen yon pi gwo ris pou yo pa pèmèt ou ale. Menm avèk yon lòd depòtasyon, pale ak yon avoka imigrasyon konsènan nenpòt bagay ou ka depoze, oswa ou ka prepare pou w depoze, pou egzije ICE lage w oswa pou yo pa kenbe w nan detansyon. Pa egzanp, yon avoka imigrasyon ka pare pou depoze yon demann *habeas corpus* pou mande yon jij federal bay ICE lòd pou libere w.

Ki Dokiman Mwen Ta Dwe Pote nan Randevou ICE Mwen an si Mwen Ansent, si Mwen Fèk Akouche, oswa si M ap Bay Tete?

- **Lèt randevou ICE ou a.** ICE rele sa swa yon "Lèt pou Prezante Tèt Ou" (Call-In Letter) (Fòmilè G-56) oswa pafwa randevou w la ekri sou Dokiman Angajman w lan (Order of Recognizance) (Fòmilè I-220A).
- **Prèv ki di ou ansent, nan peryòd apre akouchman, oswa w ap bay tete.** Pa gen yon kalite "prèv" estanda ICE egzije. Li sèlman bezwen "kredib." Sa vle di, li dwe yon bagay moun ka kwè oswa ki se verite a.
  - Si ou ansent, ou ka pote:
    - Yon kat oswa yon lèt ki montre yon randevou medikal k ap vini
    - Yon imaj sonografi avèk yon dat
    - Yon lèt fanmsaj ou a oswa doktè w ki konfime dat akouchman w lan
  - Si w fèk fin akouche, ou ka pote:
    - Sètifika nesans pitit ou a
    - Fakti asirans ki montre dat ou te fè pitit ou a
    - Dosye medikal pitit ou a ki montre dat nesans li nan ane ki sot pase a.
  - Si w ap bay tete, ou ka pote:
    - Dosye medikal pitit ou a ki di se tete l ap pran
    - Dosye medikal ki gen dat, ki konsène konplikasyon ki soti nan bay tete, tankou mastit
    - Lèt nenpòt gwoup sipò enfimyè oswa doktè ki konfime w ap bay tete
    - Prèv ou gen yon ponp tete (pa egzanp, yon resi acha oswa lèt yon konpayi asirans ou ki konfime ou kalifye pou resevwa youn).
    - **Yo pa ta dwe janm mande w pou w tire lèt kòm prèv w ap bay tete.**

- **Si w gen nenpòt konplikasyon medikal ki soti nan gwosès la oswa pandan peryòd apre akouchman an, pote prèv sa a tou.** Sa yo ka konplikasyon sante fizik ak mantal, tankou depresyon apre akouchman oswa enkyetid.[2] Yon lèt doktè

[2] Si w gen santi oswa ou gen panse ki ka montre ou gen depresyon oswa enkyetid, ''Postpartum Support International'' la gen yon liy telefòn ak yon sèvis mesaj tèks pou w ka jwenn èd: https://postpartum.net/get-help/help-for-moms/

w pwobab pou l se fason ki pi senp pou kouvri anpil nan enfòmasyon ki anba yo. Men, si ou pa ka jwenn yon lèt, men kèk egzanp bagay ou ka pote pou montre ou bezwen yon nivo swen medikal ki pi wo:

- Pote preskripsyon medikaman w yo (oswa boutèy medikaman ki vid, ki gen non w ak non medikaman an sou etikèt la). Malerezman, si ICE planifye pou arete w, y ap pran medikaman w yo nan men w.
- Dokiman egzea ou te resevwa lè w te kite etablisman medikal la dènye fwa ou te resevwa swen an, oswa dokiman ki gen rapò ak nesans pitit ou a.
- Si yo te pwograme w pou pwovoke akouchman oswa pou yo fè yon sezaryèn pou ou, pote nenpòt dokiman ki montre yo pwograme w pou operasyon oswa pwosedi medikal.

Konsèy Final sou Randevou Kontwòl ak Detansyon ICE

- **Ou gen dwa pou w mande yon entèprèt.** Si angle pa premye lang ou, ensiste pou ICE rele liy lengwistik yo a pou jwenn yon entèprèt.
- **Fè yon plan pou pitit ou yo.** An jeneral, si pitit ou a pa oblije prezan nan randevou a tou, ou ka kite l ak yon moun ou fè konfyans pou okipe l. Ou konnen sa ki pi bon pou pitit ou yo ak pou sitiyasyon w lan. Kit ou kite yo dèyè, kit ou mennen yo avèk ou, eseye fè plan avèk moun ou fè konfyans sou sa ou ta renmen ki pou rive pitit ou a (oswa pitit ou yo) si ICE pa lage w.
  - Ou ka jwenn plis enfòmasyon la a: Plan Preparasyon pou Fanmi (Etap pa Etap) | Immigrant Legal Resource Center | ILRC
  - Menm si ou pa gen yon plan ki deja an plas, ou ta dwe di ICE ou se yon paran e ou vle fè aranjman pou pitit ou yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon la a: Konnen Dwa Ou: Senk Bagay Paran ICE Kenbe yo Dwe Konnen - NILC
- **Mennen avoka imigrasyon ou an si ou genyen.** Antanke avoka w, yo gen dwa rete avèk ou pandan tout randevou a, depi yo te soumèt prèv bay ICE ki montre yo se avoka w. Prèv sa a se yon Avi sou Anrejistreman Konparisyon kòm Avoka Dosye a (G-28). Ou ka depoze l an pèsòn nan jou randevou a, oswa ou ka fè l sou fòm elektwonik.
- **Konsidere mennen on moun ou fè konfyans.** Menm si ou pa gen yon avoka, konsidere mennen yon zanmi ou fè konfyans oswa yon manm kominote relijye w la avèk ou lè w pral prezante devan ICE. Se sèlman yon moun ki gen estati imigrasyon pèmanan, tankou yon kat rezidans, oswa yon moun ki sitwayen ameriken, ki ta dwe antre nan biwo lokal ICE la. Li posib yo pap otorize yo rete

avèk ou pandan tout randevou a, men yo ka gen pèmisyon pou yo chita avèk ou nan zòn datant lan epi ofri ou sipò emosyonèl.

Konklizyon

ICE pa ta dwe kenbe moun ki ansent, moun ki fèk akouche, ak moun k ap bay tete. Yon sondaj an 2026 te montre, pifò Ameriken yo, plis pase 2 tyè, dakò pou moun sa yo pa ta dwe rete nan detansyon. Ekspè medikal yo dakò tou yo ta dwe priorize moun ki ansent oswa ki fèk akouche, pou asire sekirite paran an ak pitit la. Jiskaske règleman yo ak lwa a chanje, n ap ankouraje manm kominote a pou yo sipòte epi defann liberasyon manm sa yo ki esansyèl pou kominote nou yo ak fanmi nou yo.

Dènye mizajou: 29 oktòb 2026